# JÁMIYETLIK HÁM EKONOMIKALÍQ ILIMLER

## Tariyx. Huqıqtanıw

*Бул мақала Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси жанындағы мәмлекетлик емес, коммерциялық емес шөлкемлерди ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларын қоллап-қуўатлаў Жәмийетлик фонды тәрепинен қаржыландырылған «Ҳәрекетлер стратегиясын жасларымыз билиўи керек» жойбар шеңберинде жәрияланды.*

# КЕЛЕШЕГИМИЗДИ БЕЛГИЛЕЎШИ ТИЙКАРҒЫ ҲҮЖЖЕТ

**А.Абатов** – *ассистент оқытыўшы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** ҳаракатлар стратегияси, электрон ҳужжат, иқтисодиёт, суд-ҳукук тизими ислоҳотлари, инвестиция, таълим тизими, миллатлараро тинчлик, квота.

**Ключевые слова:** стратегия действий, электронные документы, экономика, реформирование судебно-правовой системы, инвестиция, система образования, межнациональный мир, квота.

**Key words:** strategy of actions, electronic papers, economy, reformation of court-legal system, investment, education system, international peace, quota.

XXI әсир деп аталған, тез пәтлер менен раўажланып баратырған ҳәзирги дәўирде қайсы тараўды алып қарамайық, ҳәр биримизден жумысымызға жаңаша қатнасты ҳәм сын пикирлеўди талап етпекте. Ҳақыйқатында да, мәмлекетимизде қабыл етилип атырған Нызам ҳәм қарарлар демократиялық талапларға әмел етилген, ең тийкарғысы, инсан ҳуқық ҳәм мәплери, еркинлиги оның тийкарғы бағдарларынан бири етип белгиленгенлиги менен ажыралып турады. Өткен жыллар даўамында болса Конституциямыз негизинде қабыл етилген қарар ҳәм пәрманлар ҳәм басқа да нызам ҳүжжетлери усы ўазыйпалардағы талапларды орынлаўға хызмет етип келмекте.

Усыннан келип шыққан ҳалда 2017-2021-жылларда Өзбекстан Республикасын раўажландырыўдың тийкарғы бес бағдары бойынша Ҳәрекетлер стратегиясының қабыл етилиўи елимиздиң раўажланыўын жаңа басқышқа көтериўдеги әҳмийетли қәдемлерден бири болды. Буны өткен 2017-жылдың Президентимиз Ш.М.Мирзиёевтиң басламасы менен «Халық пенен пикирлесиў ҳәм инсан мәплери жылы» деп аталғанынан да көриўимиз мүмкин. Буннан тысқары, Республикамыздың бәрше аймақларында шөлкемлестирилген «Халық қабыллаўханалары» болса пуқаралардың мүрәжатлары менен ислесиў, олардың әдил шешимин табыў арқалы мәмлекетлик уйымлар ҳәм халық ортасындағы исенимди және де беккемлеў сыяқлы унамлы өзгерислерди пайда етпекте. Бир сөз бенен айтқанда, «Халық мәмлекетлик мекемелерге емес, мәмлекетлик мекемелер халқымызға хызмет етиўи тийис» деген принцип мәмлекет сиясатының тийкарғы бағдарларынан бирине айланды.

2017-2021-жылларда Өзбекстан Республикасын раўажландырыўдың бес тийкарғы бағдары бойынша Ҳәрекетлер стратегиясы орта мүддетли перспективада мәмлекетлик сиясаттың тийкарғы бағдарларын белгилеп берген ең әҳмийетли бағдарламалық ҳүжжет болып табылады.

2017-жылы Ҳәрекетлер стратегиясын әмелге асырыўда айрықша итибар «Инсан мәплери — ҳәмме нәрседен үстин» деген принцип ҳәм «Халық мәмлекетлик уйымларға емес, ал, мәмлекетлик уйымлар халқымызға хызмет етиўи керек» деген жақсы идеяның, бәринен бурын, халық пенен тиккелей пикирлесиў ҳәм пуқаралардың ҳуқықлары, еркинликлери менен нызамлы мәплериниң реал қорғалыўын тәмийинлеў арқалы турмысқа әмелий енгизилиўине қаратылды. Ҳәрекетлер стратегиясын «Халық пенен пикирлесиў ҳәм инсан мәплери жылы»нда әмелге асырыўға байланыслы Мәмлекетлик бағдарлама шеңберинде 30дан аслам нызамлар ҳәм 900ден зыят нызамнан келип шығатуғын ҳүжжетлердиң қабыл етилиўи кең көлемли реформалар, экономика ҳәм социаллық тараўды жедел раўажландырыўы, халық абаданлығын арттырыўдың беккем ҳуқықый тийкары болып хызмет етти.

Өзбекстан Республикасында Ҳәкимшилик реформалар концепциясы мәмлекетлик басқарыў системасын түп-тийкарынан реформалаў, «Электрон ҳүкимет» ҳәм мәмлекетлик хызметлер көрсетиў системасын раўажландырыў, экономикаға ҳәкимшилик тәсирди қысқартыў және басқарыўдың базар механизмлерин кеңейтиў, саламат бәсекилик орталығын ҳәм қолайлы инвестициялық ықлымды жаратыў бойынша анық илажларды белгилеп берди. Суд-ҳуқық системасында судлардың ҳақыйқый еркинлигин тәмийинлеў, суд кадрларын таңлап алыўдың демократиялық ҳәм ашық-айдынлық механизмин жетилистириў бойынша комплексли илажлар әмелге асырылды. Орынларда ҳәкимшилик ҳәм экономикалық судлардың шөлкемлестирилгени әдил судлаўға ерисиў дәрежесин арттырыў имканиятын берди.

Ҳуқық қорғаў уйымлары системасын реформалаў, ҳуқықбузарлықларды ерте профилактикалаў ҳәм жынаятшылыққа қарсы гүресиў бойынша көрилген илажлар нәтийжесинде елимизде жынаятшылықтың улыўма көрсеткиши 15,7 процентке азайыўына ерисилди, 1,2 мың мәҳәлледе бирде-бир жынаят ислениўине жол қойылмады.

Экономикалық тараўда кең көлемли өзгерислер әмелге асырылды, бәринен бурын, Өзбекстанның өз миннетлемелерин орынлаў ҳәм шет елдеги бирге ислесиўшилердиң дәраматларын репатриациялаў, елимиздиң инвестициялық тартымлылығын арттырыў ушын шараятларды тәмийинлейтуғын миллий валюта еркин конвертациясының енгизилгени бул бағдарда әҳмийетли қәдем болды. Халық пенен пикирлесиў нәтийжелери бойынша 11 жыллық Улыўма билим бериўди қайта тиклеў туўралы қарар қабыл етилди, жоқары билимлендириў мәкемелерине қабыл етиўдиң ашық-айдынлық механизмлери енгизилди ҳәм квоталар зәрүрли түрде арттырылды. Жоқары оқыў орнынан соңғы билимлендириў системасы халықаралық стандартларға муўапықластырылды. Миллетлераралық тынышлықты ҳәм татыўлықты, пуқта ойланған ҳәм өз-ара пайдалы сыртқы сиясаттың әмелге асырылыўын тәмийинлеў бойынша илажлар көрилгени нәтийжесинде қоңсы мәмлекетлер менен исенимли қатнасықлар жолға қойылды, Орайлық Азия аймағында саўда-экономикалық, мәдений-гуманитарлық байланысларды раўажландырыў ушын қолайлы шараятлар жаратылды [1:2].

Стратегияда белгилеп қойылғанындай, мәмлекет ҳәм жәмийет қурылысын жетилистириў, нызам үстинлиги ҳәм суд-ҳуқық системасын реформалаў, экономиканы ҳәм социаллық саланы буннан былай раўажландырыў, қәўипсизлик, миллетлер аралық

татыўлық ҳәм диний кеңпейилликти тәмийинлеў, терең ойланған, өзара мәпдар ҳәм әмелий руўхтағы сыртқы сиясатты басқышпа-басқыш даўам еттириў сыяқлы мәселелер раўажланыўымыздың тийкарғы бағдары сыпатында белгилеп алынды. Ҳәзирги күнде оның орынланыўын тәмийинлеў бойынша мәмлекет ҳәм жәмийет турмысының барлық тараўларын раўажландырыўға қаратылған 15 нызам ҳәм 700 ден артық басқа норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер қабыл етилди. Мәмлекет ҳәм жәмийет қурылысы системасын жетилистириў саласындағы талапларды есапқа алып, 16 министрлик, уйым ҳәм басқа шөлкемлердиң дүзилиси, ўазыйпа ҳәм функциялары қайта көрип шығылып, 20 мәмлекет ҳәм хожалық басқарыўы уйымлары, басқа да мәкемелер қайта шөлкемлестирилди. Аймақларды социал-экономикалық раўажландырыў бағдарламалары шеңберинде 13 339 жойбар әмелге асырылып, 10 еркин экономикалық зона, 5 киши санаат зонасы қайта дүзилди. Бир ғана Қарақалпақстан Республикасын алып қарайтуғын болсақ, Ҳәрекетлер стратегиясында белгиленген мақсет ҳәм ўазыйпалардан келип шығып, қысқа ўақыт ишинде Қараөзек районында «Қарақалпақ цемент» кәрханасы, полиэтилен ҳәм полипропиленнен трубалар ҳәм хожалық буйымларын ислеп шығаратуғын «Нөкис полимер» заводы, «Нөкис электроаппарат» сыяқлы жаңа санаат кәрханалары ҳәм заводлары иске түсти.

Президентимиздиң қарары тийкарында қабыл етилген «2017-2021-жылларда Арал бойы аймағын раўажландырыў Мәмлекетлик бағдарламасы»нда Қарақалпақстанда жаңадан шөлкемлестирилген ислеп шығарыў тараўындағы микрофирмалар ҳәм киши кәрханаларға жеңилликлердиң берилиўи тараў раўажланыўын тәмийинлеў менен бирге, халқымыздың пәраўанлығын тәмийинлеўге де тийкар жаратылды.

Соның менен бирге, Мойнақ районы халқы ушын 101 километрлик аралыққа таза ишимлик суўы тартылып, районда шөлкемлестирилген «Голд Мойнақ Мастерс», «Платинум Мойнақ» ЖШЖлери арқалы ҳаял-қызлардың бәнтлиги тәмийинленди. Нөкис қаласы ҳәм район орайларында мәдений ҳәм дем алыў бағларын шөлкемлестириў ислери қолға алынып, пайтахтымыздағы Ибрайым Юсупов атындағы арнаўлы мектеп интернаты пайдаланыўға тапсырылған болса, қаламыздағы Имам ийшан Мухаммед мешитиндеги қурылыс ҳәм абаданластырыў жумыслары жуўмақланбақта. Ең тийкарғысы, өткен ўақыт даўамында көз алдымызда жүз берип атырған бундай өзгерис ҳәм жаңаланыўларды қала ҳәм аўылларымыз, барлық тараўлар мысалында да көп ушыратыўымыз мүмкин.

Әлбетте, бүгин бул ислерди әмелге асырыўда өз қоллары менен үлкен жаратыўшаңлық жумысларды әмелге асырып атырған заманласларымыздың көзлеринде бүгинги турмыстан разылығы, ертеңги күнге болған исеними ҳәм уллы келешекти қурыўға болған күш ғайратын көрмектемиз. Тарийхтан мәлим, өз келешегин ойлаған жәмийет ҳәр қашан жаслар тәрбиясына үлкен итибар қаратып келген. Себеби, перзентлеримиз бизлердиң ертеңги келешегимиз, ертеңги күни жәҳәнде елимиздиң орнын белгилеп бериўши тийкарғы күш есапланады. Бүгинги күнде Өзбекстан Республикасы халқының дерлик 35 процентин 16 жасқа шекемги, 62 процентten артығын 30 жасқа шекемги болған жаслар қурайтуғынлығын есапқа алатуғын болсақ, билимлендириў тараўындағы реформалардың қаншелли әҳмийетли екенлиги мәлим болады.

2017-2021-жылларда Өзбекстан Республикасын раўажландырыўдың тийкарғы бес бағдары бойынша Ҳәрекетлер стратегиясында жасларды руўхый жақтан жетилискен әдеп-икрамлы етип тәрбиялаў, кәсипке бағдарлаў ҳәм киши, жеке ҳәм шаңарақлық исбилерменликти раўажландырыў, халықты социаллық жақтан қоллап-қуўатлаў, жәмийетлик қадағалаў, аймақларды абаданластырыў, көгалландырыў, экологиялық тазалықты сақлаў, тынышлықты тәмийинлеў мәселелеринде өз сәўлелениўин тапқан. Оның мәнис-мазмунын халыққа, әсиресе оқыўшы, студент жасларға терең түсиндириў әҳмийетли болып табылады. Бул ўазыйпаларды әмелге асырыўда инновациялық идеялар ҳәм технологиялардан пайдаланыўдың әҳмийети өз алдына. Усы жөнелисте оқыў сабақларында, үгит-нәсият көргизбели материаллар таярлаў, мәлимлеме коммуникация технологиялары, интернет тармақлары, электрон почта программаларынан пайдаланыў көнликпелерин раўажландырыў мақсетке муўапық.

Мәмлекетимизде мәҳәлле институтының абырайын арттырыў тек ғана социал-экономикалық емес, ал, сиясий, тәрбиялық ҳәм үлкен руўхый әҳмийетке ийе болған тийкарғы ўазыйпалардың бири. Елимизде пуқаралық жәмийетин раўажландырыўда оның исенимли сүйениши ҳәм тәсиршең күши болып хызмет етиўи ушын зәрүр шараятлар жаратыў бағдарында кең көлемли илажлар әмелге асырылмақта.

Ҳәрекетлер стратегиясы ҳәм оннан келип шыққан ўазыйпалар тийкарында жасларды ана-Ўатанға садықлық, мәҳәллелерде тынышлық ҳәм татыўлықты тәмийинлеў, кексе әўлад ўәкиллериниң жәмийетлик белсендилигин қоллап-қуўатлаў бағдарында орынларда әмелге асырылып атырған илажлардың нәтийжелилигин буннан былай да арттырыў мақсетинде республикалық, қала, районлық Кеңеслерде жаслар менен ислесиў мәселелери, диний-ағартыўшылық мәселелери, кекселер ҳәм нураныйлар мәселелери бойынша Кеңес баслығының орынбасарлары лаўазымларын, ал, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларында болса жәмийетшилик тийкарда жумыс ислейтуғын мәҳәлле пуқаралар жыйыны баслығының орынбасары, жаслар мәселелери бойынша кеңесгөйлери сайланды.

Қарақалпақстан Республикасы, қала, районлық Кеңеслери ҳәм де бир қатар тийисли министрликлер, мәкемелер, оқыў орынлары ҳәм жәмийетлик шөлкемлер менен биргеликте 2017-2021-жылларда Өзбекстан Республикасын раўажландырыўдың тийкарғы бес бағдары бойынша Ҳәрекетлер стратегиясының орынланыўын тәмийинлеў бойынша да бирқанша жумыслар әмелге асырылды. Атап айтқанда, жыл даўамында жәмәәтшилик қадағалаўды әмелге асырыў мақсетинде пуқаралар жыйынларындағы шаңарақларда социаллық-руўхый орталықты үйрениў ҳәм анықланған машқалаларды сапластырыў мақсетинде 300 мыңнан артық шаңарақлар үйренип шығылды. Мийнетке жарамсыз, турақ жайға мүтәж майып, жоқары оқыў орынларында билим алып атырған жетим ҳәм майып студентлерге, социаллық қорғаўға мүтәж кем тәмийинленген шаңарақларға, бағыўшысын жоғалтқан шаңарақлар, жалғыз баслы кекселер ҳәм майыплардың саламатлығын тиклеўге қаржылай жәрдемлер көрсетилип, 55 пуқараға майыплар арбашасы алып берилди. Сондай-ақ, Қарақалпақстан Республикасы Кәсиплик аўқамлары шөлкемлери бирлеспеси Кеңеси, пуқаралар жыйынлары, қәўендер мәкемелер менен биргеликте кем тәмийинленген, бағыўшысынан айырылған шаңарақлар балаларының неке ҳәм сүннет тойлары өткерилип берилди [2:4].

Ҳәр бир қала, район кесиминде 2017-жыл даўамында комплекс раўажландырыўдың «Жол картасы» бағдарламасы ислеп шығылып, усы тийкарда

социал-экономикалық аўҳалы төмен болған пуқаралар жыйынларының хызмет имаратларына реконструкция ҳәм ири оңлаў жумыслары алып барылды.

Жуўмақлап айтқанда, бүгинги күнде мәмлекетимизде жаратылып атырған бәрше имканиятлар, жаңалықлар, өзгерислер тыныш ҳәм абадан турмысты тәмийинлеўге қаратылғаны менен әҳмийетли болып, Ҳәрекетлер стратегиясында көрсетилген ис-илажлар ҳәм ўазыйпаларды нәтийжели орынлаўда мәмлекетлик уйымлар ҳәм пуқаралық институтлары менен өз ара бирге ислесиўин тәмийинлеў ең баслы ўазыйпамыз болып есапланады.


**Әдебиятлар**

1. Мәтмуратов Б. «Өзгерислерди ен дәслеп өзимизден баслаўымыз керек». / «Халк сўзи» 2017 жыл 16-декабрь.
2. Романов Т. «Мақсетимиз – халықтың сүйенишине айланыў». Сайт «Erkinkarakalpak.uz. 06.02.2018



**РЕЗЮМЕ**

Мазкур мақолада 2017-2021-йилларга мулжалланган Ўзбекистон Республикаси ривожланишининг бешта асосий йўналиши буйича Ҳаракатлар стратегиясининг қабул қилиниши ва унинг давлатимиз ривожидаги аҳамияти ҳақида сўз боради.

**РЕЗЮМЕ**

В статье речь идёт о Стратегии действий по пяти приоритетным направлениям развития Республики Узбекистан в 2017-2021 годах и её роли развитии нашего государства.

**SUMMARY**

The article deals with the description the Strategy of actions in five priority directions of the development of the Republic of Uzbekistan in 2017-2021 and its role in the development of our state.


## ЭТНОГРАФИЧЕСКИЕ ОСНОВЫ СВАДЕБНЫХ ПЕСЕН *«ҲӘЎЖАР»*


**Б.Бекжанова** – *ассистент преподаватель*

*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*



**Таянч сўзлар:** урф-одат, анъана, тўй маросимлари, қиз узатиш тўйи, фольклор, тўй маросим қўшиқлари-*«Ҳаўжар».*

**Ключевые слова:** обычаи и обряды, традиция, свадьба, проводы невесты, фольклор, свадебно-обрядовые *песни* - *«Хәў*жар».

**Key words**: customs and rites, tradition, wedding, bride's farewell,folklore, wedding-ritual songs -"Khaujar".


Каракалпакские традиционные свадебно-обрядовые песни являются многовековым культурным наследием, отражающим условия жизни, историческую эпоху, географическую среду каждого народа. Свадебная песня «*ҳәўжар*» – одна из обрядовых песен каракалпаков, связанная с проводами девушки. Как своеобразная свадебная традиция «*ҳәўжар*» исполнялась перед отъездом и при проводах невесты в дом жениха. После обряда бракосочетания невеста не причитала. С этого момента пели песню – «*ҳәўжар*». В ней выражаются грусть и причитания девушки в связи с переездом в другой дом, другой аул. Вот некоторые примеры ранних вариантов «*ҳәўжар»*:

Өз үйимниң есиги,
Жупар есик ҳәўжар,
Кирсем шықсам шашымды,
Сыйпар есик ҳәўжар,
Қәйин атамның есиги,
Шеңгел есик болмағай,
Кирсем шықсам шашымды,
Жипек болып сыйпағай.

Двери родного дома,
Двойная дверь, *ҳәўжар*,
Когда из них выходишь,
Ласково поглаживают, *ҳәўжар.*
Двери свёкра
Пусть не будут колючими,
Когда ты входишь и выходишь из них,
Пусть шёлком поглаживают тебя.

Подруги успокаивают девушку, обнадёживают светлым будущим, говоря, что дом свёкра, порог которого сделан из чистого золота, заменит ей родное жилище:

Жылама қыз, жылама,
Той сеники, яр-яр,
Тоқсан баслы ақ орда,
Үй сеники, яр-яр.
Босағасы алтыннан
Үй сеники яр-яр.

Не плачь, девчонка, не плачь,
Свадьба твоя, яр-яр,
Белая большая юрта твоя, яр-яр [1].

*«Ҳәўжар»* также исполняла молодёжь, разделившись на две группы: группа жениха и группа невесты. Поэтому обряд не был ограниченным. Вот один из образцов «*ҳәўжар»* джигитов сопровождающих жениха, которые обращаются к невесте:

Мунда әкем қалды деп,
Ғам жемеңиз, яр-яраў,
Жақсы болса қәйин атаң,
Орнын басар, *ҳәўжараў.*

Не плачь, милая, *яр-яр*,
Что здесь остался твой отец,
Если будет хорошим твой свёкор,
Станет он твоим отцом родным [2].

Сторона жениха так словом расхваливали лучшие черты характера свёкра и свекрови, жениха и ближайшее окружение, семейные традиции, а сторона невесты, естественно, приводила доводы в свою пользу:

*Келин тәреп:*

Қәйин атаң деп айтасыз,
Боз балалар, яр-яр аў,
Айнанайын әкемдей,
Қайдан болсын, яр-яр аў.

Сторона невесты:

Как свёкра называть отцом,
Милые ребята, яр-яр,
Родного отца свёкор,
Заменит ли, яр-яр [3].

Сторона невесты превозносила доброту и щедрость родителей, близких родственников невесты, красоту её подруг, живописность родного аула, в то же время выражала надежду, что с будущим мужем и его родичами у девушки сложатся добрые отношения, и она станет счастливой и любимой женой. В исполнении «*ҳәўжар*» могли состязаться и жених с невестой. Большой интерес в этом плане вызывает сцена состязания между Алпамышом и Барчиной – главных героев народного дастана «Алпамыш»: «Было поставлено триста юрт. Белая юрта, сооружённая самим Алпамышом, была полна женщин и девушек. Это рабыня Гулчин собрала сюда всех, кто умел исполнять «*ҳәўжар*» [2:128]. В этом искусстве могли состязаться и отдельно девушка с парнем. Правда, если «*жуўап-айтыс*» – («словесное состязание») исполнялось только на проводах невесты, то исполнители песни *«ҳәўжар»* не ограничивались, лишь готовыми текстами, а относились к этому жанру творчески, т.е., исходя из жизнен-